

## **Pwogram Kaptè Chalè** **AVI POU LOKATÈ YO**

Yo te seleksyone pwopriyete sa a pou l patisipe nan Pwogram Kaptè Chalè (Heat Sensor Program, HSP) Depatman Konsèvasyon ak Devlopman Lojman (Housing Preservation and Development, HPD) nan Vil New York, selon prensip ki nan atik 27-2033.1 nan Kòd Administratif Vil New York la. HSP ap idantifye bilding ki toujou ap vyole règleman ki gen pou wè ak chofaj, sa ki ap pèmèt nou ranfòse siveyans sou kesyon sa a epi pou pèmèt aplikasyon an fèt ak plis kontwòl. Selon HSP, pwopriyete kay la gen obligasyon pou l enstale kaptè chalè ki reponn ak egzijans espesifik yo nan tout lojman ki nan bilding ou a. Pwopriyete yo pa dwe mande lokatè yo kòb pou achte oubyen enstale yon kaptè chalè, oubyen pou ranplase yon kaptè chalè ki ize oubyen k ap mal fonsyone.

Pwopriyete a dwe ba ou:

- Opsyon pou w chwazi nan ki chanm yo ta dwe enstale kaptè chalè a.
- Opsyon pou w refize yo enstale yon kaptè chalè lè w ranpli yon fòm *Sètifikasyon pou w Soti nan Pwogram nan*. Ou de voye fòm nan tounen bay pwopriyete a ak siyati w sou li si w pa anvii yo enstale yon kaptè chalè pou ou. Si w pa remèt pwopriyete a fòm Sètifikasyon pou w Soti nan Pwogram nan ak siyati w sou li, pwopriyete a ap gen obligasyon pou l chache tout fason ki rezonab pou l ka antre nan lojman ou a nan objektif pou l rive enstale kaptè chalè a.
- Enfòmasyon konsènan fason pou w gen aksè ak rezilta siveyans kaptè chalè pou kaptè chalè ki nan lojman ou a.
- Enfòmasyon sou kouman pou w fè deklarasyon lè yon kaptè chalè kraze oubyen lè l gen pwoblèm.

Pandan peryòd chalè a (soti 1mye oktòb pou rive 31 Me), HPD pral enspekte bilding sa a omwen yon fwa chak de (2) semèn, san yo pa bezwen resevwa doleyans, pou yo ka respekte egzijans minimòm nan nan sa ki gen pou wè ak chofaj epi dlo cho.

Lokatè ki nan chak lojman kote yo te bay epi enstale yon kaptè chalè yo dwe:

- Kenbe aparèy la an bon eta epi toujou fè antretyen ladan l.
- Ranplase tout aparèy yo vòlè, yo deplase, yo pa wè oubyen ki vin pa ka fonksyone pandan lokatè a te rete nan lojman an, sèl si pwopriyete a deside fè ranplasman an epi pou l fè lokatè a bay 50 dola pou pi plis kòm pri pou chak ranplasman.

Si chofaj ou a ap mal mache, ou ka rele 311, itilize 311ONLINE oubyen 311MOBILE pou w depoze yon doleyans. Ou ka jwenn enfòmasyon konsènan vyolasyon nan kad chofaj lè w ale nan HPD Anliy: <https://www.nyc.gov/site/hpd/about/hpd-online.page>.

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou Pwogram Detektè Chalè a, tanpri ale vizite nan [www1.nyc.gov/site/hpd/services-and-information/heat-sensors-program.page](http://www1.nyc.gov/site/hpd/services-and-information/heat-sensors-program.page).

Mèsi pou koperasyon w.



Department of  
Housing Preservation  
& Development

*Yo chwazi pwopriyete sa a pou fè pati Pwogram Kaptè Chalè a poutèt vyolasyon nan kad chofaj ki te genyen ladan l anvan sa a. Ou kapab jwenn yon kopi avi sa a ak plis enfòmasyon toujou nan lang anglè, koreyen, bengali, Ris, kreyòl Ayisyen, chinwa, Arab, Idi, Fransè ak Polonè lè w ale sou sit entènèt Pwogram kaptè chalè a nan [www.nyc.gov/hpd](http://www.nyc.gov/hpd).*

This property has been selected for HPD's Heat Sensor Program because of past heat violations. You can get a copy of this notice with more information by visiting Heat Sensors Program [\[at\] \[www.nyc.gov/hpd\]\(http://www.nyc.gov/hpd\)](http://www.nyc.gov/hpd).